

## BWA-Pwensip ak gid sou relasyon pami kretyen Batis yo nan lemond

Se Komisyon espesyal ki soti nan sekretarya jeneral la sou relasyon pami Batis yo ki prepare l--

*(Chak fwa nou wè BWA nan teks la, sa vle di "Alyans Batis Mondial")*

### **Pou kòmanse: Alyans Batis Mondyal (BWA); inite nan divèsite**

1. Alyans Batis Mondyal, ki gaye toupatou nan lemond, egziste kòm yon kò ki eksplike inite tout Kretyen Batis yo nan Seyè nou Jezikri.<sup>1</sup>
2. Alyans Batis Mondyal (BWA) egziste tankou yon mouvman global Kretyen Batis yo ki pataje yon sèl konfesyon de fwa nan Jezikri ki reyini nou ansanm nan lanmou Bondye pou sipote, ankouraje e fotifye yon n lot pandan nap pwoklame e viv levanjil Jezikri a nan pouvwa Sentespri devan yon mond kap souffri.<sup>2</sup>
3. BWA òganize ministè/travay li anba 5 kalite angajman, angajman: a)pou nou jwen n ansanm nan adorasyon ak kominyon fratènel; b) pou nou nourri nan pasyon pou n fè misyon ak evanjelizasyon; c)pou nou defan n libète kretyèn ak dwa de lòm, d)pou nou repon n a bezwen moun ki an difikilte e soutni devlopman kominotè, e anfen e)pou ankouraje refleksyon teolojik apropnye.<sup>3</sup>
4. Denpi nan kreasyon li, BWA te toujou konsidere tèt li kòm yon fanmi konpoze ak Legliz Batis yo e fwa batis toupatou nan lemond.<sup>4</sup> Nan premye jou li yo, BWA te konpoze sèlman ak Konvansyon e Inyon Batis ki te nan Oksidan. Nan 20èm syèk la BWA grandi jiskaske li vini yon oganizasyon mondyal e li vi n genyen man n nan Lès ak Lwes, nan Nò ak nan Sid.
5. Kwasans BWA rive fèt akòz divesite kiltirel li. Divèsite sa a genyen ladan l plizyè kilti, lang, koutim, istwa, idantite rasyal, lòt fason pou eksprime konviksyon teologik e, rankont pèsoneel chak man m fè ak Jezikri nan diferan konteks kiltirel. Avèk gras Bondye, BWA reflekte avivwa kòman kò Kris la rich ak tout divesite l yo.<sup>5</sup>
6. BWA ap chache viv nan inite malgre tout divesite ki genyen pami man m li yo. Li konpran n divesite a tankou yon don Bondye bay e ki esansyèl pou l kapab reprezante royòm Bondye a malgre tout kalite defi ke sa prezante. Pou l ka rive akonpli objektif li yo ke l genyen denpi lè l te kòmanse, BWA ap chache kenbe yon balans delika. Balans ant inite nan objektif li yo e yon angageman kominotè menm lè òganizasyon an ap chache onore e jwen n benediksyon nan mitan tout divèsite ki karakterize kominyon fratènel Batis yo.

7. Yon n nan pi gran bagay ke BWA genyen se angajman pou l ka viv nan linite anfas yon divèsite ki rich. Se abilite pou l kreye espas pou dialog pami plizyè gwoupman ki fè li ap ogmante chak jou. Posibilite sa a pèmèt BWA rekolte fwi plizyè pèspektiv biblik, teolojik e ak eksperyans ke manm li yo kontribye lè BWA reyini ansanm. Nouvo pespektiv, e kontribisyon kiltirel, fwa nou, tou sa se yon don ki pataje e ke chak patisipan resevwa nan BWA
8. Sepandan, angajman BWA pou l antre nan dialog ak kominikasyon onèt nan mitan tou t divesite nou yo fè ke BWA ap fè fas a pi gran defi pou l ka mentni linite.<sup>6</sup> Defi sa a vini sou fòm difikilte pou l ka kominike nan yon fason ki klè, egzat e ke tou t mou n ka konpran n malgre tout kalite lang ke Batis nan lemond antye pale. Defi a vi n pi gran lè kèk Batis ki byen entansyone pa konnen ou manke konnen kòman yo ka apresye kèk eksperyans biblik, Istorik oswa teolojik ki eksprime ak diferan manm nan fanmi BWA a.
9. Angajman pou nou ka mentni inite nan BWA, pandan ke nap selebre divesite ki make mouvman sa a fè nou poze kesyon sou fason nou ka fè aksyon ki pozitif pou avanse inite nou an e redwi enkonpreyansyon ke nou ka genyen ant nou. Ak tou sa nan lespri nou, BWA afime pwensip ak gid sa yo pou oryante konvèsasyon nou ak sa nap tande nan reyinyon nou yo e lè nap pataje travay BWA ap fè toupatou nan lemond.

### **Pwinsip ak gid Alyans Batis Mondyal la**

1. Ak Bondye, tout bagay posib.<sup>7</sup> E, san Jezikri nou pa ka fè anyen.<sup>8</sup> Sepousa, tout reyinyon BWA yo pran plas nan yon konteks adorasyon, kote nou rekonèt prezans ak ak lidèchip Bondye nan lavi nou.
2. Kretyen yo se moun ki limite, ki sove pa gras.<sup>9</sup> Sepandan nou paka di ke konesans nou ak konpreyansyon nou sans fot. Se pou sa opinyon nou yo ak pwòjè nou yo dwe toujou fèt nan imilite e ak rekèt pou Sentespri Bondye ka gide nou nan pawòl nou, nan konvèsasyon nou.
3. Tout moun nèt te kreye nan imaj Bondye.<sup>10</sup> Nan Kris, nou afime diyite tou t moun<sup>11</sup>, gason tankou fi, paske yo te kreye nan imaj Bondye<sup>12</sup> e, Bondye vle ke yo se moun ki sen, pwòp.<sup>13</sup> Anplis de sa, kòm manm kò Kris la nou se manm yon n lòt.<sup>14</sup> kelkeswa fason ke manm BWA a ap diskite sou yon sijè, konvèsasyon an ak dialog la dwe toujou mete anfas sou pwensip e non sou yon pwoblem endividyel, kilti, zòn, nasyon oswa denominasyon. Konvèsasyon nou, dialog ak deba nou yo pa dwe janm dejenere kòm yon atak sou pèsonalite oswa otantisite ak fwa kretyèn yon mou n.<sup>15</sup>
4. Nou tout se manm yon sèl fanmi, yon sèl fwa.<sup>16</sup> Nou declare ke gras a Sentespri a nou eksperimante fason ke nou depan n yon n lòt ak tou t moun ki pataje relasyon ke nou genyen kòm pèp Bondye.<sup>17</sup> Kòm yon kominote Kretyen Batis, nou ka vin n okonplè sèlman lè nou chache

tande, konpran n e respekte diferan opinyon espesyalman opinyon mou n sa yo ke yo te mete akote akoz povrete yo oswa moun ke tradisyon kolonialist ak enperyalist te konsidere kòm enferyè. Se pou sa nou dwe fè jefò pou n evite tout espri dominasyon sou yon lòt kilti lè nap pataje eksperyans nou ak konviksyon teolokik nou devan asanble BWA yo.

5. Manm BWA yo selebre don pou pale nan lang kap relflete rich divesite ke nou genyen yo. Lang se yon siy ki idantifye nou e ki afime Istwa nou ak kilti nou. Kidonk BWA rekonèt bezwen pou bay plis opòtinite pou asiste manm li yo pou yo tand e pale nan pwòp lang yo,<sup>18</sup> Se pou sa BWA ap chache idantifye e anploye tout kalite zouti pou pèmèt kominikasyon yo ka fèt nan plizyè lang nan tout rankont li yo.
  6. Bondye rele nou pou nou renmen yon n lòt.<sup>19</sup> Ak sa nap moutre ke se disip Kris la nou ye.<sup>20</sup> Nou kwè ke vrè inite e vrè kominyon ka vini yon reyalyite sèlman lè nou respekte yon n lòt, lè nou sansib yon n pou lòt. Se pou sa tout moun kap asiste reyinyon BWA yo toujou chache devlope relasyon kap dire, relasyon ki gen valè pa mwayen konvèsasyon ki ka edifye.
  7. Nou rekonet ke Batis yo genyen divès opinyon sou plizyè sijè ki gen rapò ak Verite ya. Sepandan nou renmen e aksepte yon n lòt.<sup>21</sup> Lè nou panse ke yon opiyon pa kanpe sou laverite, nou eseye diskite sou sa kòm manm yon menm fanmi e non kòm etranje oswa lennmi. Menm lè nap korije kèk erè, nou dwe fè sa nan lanmou.<sup>22</sup>
  8. Nou angaje nou pou n chache enterè yon n lòt.<sup>23</sup> Nou ankouraje e nap tan n sa, nan sitirasyon kote lide yon mou n pa byen prezante, petèt se akòz langaj oswa baryè kiltirel, Moun ki ap dirije rankont lan ap fè kon l konnen pou l ka bay speaker a yon opòtinite pou l klarifye sa l vle di egzakeman. Sa ap fè ke konvesasyon an ap gade sans li. Chak moun ki pale pandan reyinyon yo lib pou li fè pase lide l san pwoblem. Sepandan, moderatè a ka entèveni pou pote limyè si gen yon enkonvenyan nan fason yon moun eksprime.
  9. Nan rankont nou yo, tout bagay dwe fèt nan bon kondisyon, e nan lòd.<sup>24</sup> Tout patisipan yo dwe respekte otorite moderatè a e, yo dwe angaje yo pou yo respekte divesite ki genyen ant nou e viv nan inite ki se don le Sentespri bay a fanmi BWA a.
-

---

<sup>1</sup> Pweyanbil pou Konstitisyon ABM (Alyans Baptis Mondyal)

<sup>2</sup> Bi visyon Komite 21e syek ABM la te devlope e ki te adopte nan Congre Batist Mondyal la nan Birmingham, Anglete an 2005

<sup>3</sup> Deklarasyon ki nan seksyon angajman ABM la te soti nan deliberasyon komite 21e syek la.

<sup>4</sup> Preyanbil pou konstitisyon ABM la ki te aprouve nan kongwe inogirasyon an 1905. Gade nan The Baptist World Congress, London, Jije 11-19, 1905. Authorised Record of Proceedings, (London: Baptist Union Publication Department, 1905): 330-31.

<sup>5</sup> 1 Korint 12: 12, 27; Rom 12: 4

<sup>6</sup> Efez 4:3

<sup>7</sup> Matye 18:26

<sup>8</sup> Jan 15:5

<sup>9</sup> Efez 2: 5, 8; 1 Korint 13: 9

<sup>10</sup> Jenez 1:26-27

<sup>11</sup> Rom 8: 29

<sup>12</sup> Rom 12: 4-5

<sup>13</sup> Deklarasyon nan santym anivese ABM § 11

<sup>14</sup> Rom 12:5

<sup>15</sup> Gade Kolos 4: 6

<sup>16</sup> Galasi 6: 10

<sup>17</sup> Deklarasyon nan santym anivese ABM §8

<sup>18</sup> Gade Travay 2: 5-12

<sup>19</sup> Jan 13:34; 1 Jan 4: 7-12

<sup>20</sup> Jan 13:35

<sup>21</sup> Rom 15: 7

<sup>22</sup> Efez 4: 15

<sup>23</sup> Filip 2: 4

<sup>24</sup> 1 Korint 14: 40